авар. яз.

2 класс.

Рохь.

Инсанасе рохьалъул к1удияб пайда буго. Рохьалъ бищунго лъик1 ц1унула регьел. Бух1араб бакъалдаса, хинаб гьуриялдаса ц1унула гъут1буз ракь. Гьединлъидал рохьоб гьогьомунги бук1уна. Рохьоб г1азуги дагьккун биуна. Т1олабго рииялъ гьениса лъаразе, г1оразе лъим щола. Рохь гьеч1еб бак1алда г1азу хехго биуна, ракь цудунго ракъдаллъула.

41 раг1и

3 класс

Хасалил гьури.

Декабрь моц1…Хасалица кулъунги бахъун, хъах1 гьабун бук1ана т1адмаг1аруллъи. Ц1орол юргъаназда гъоркьги рахчун, гъапуллъун рук1ана риидал рекерахъдун свакарал хехал лъарал. Квелъ бахъун эркенлъуде борч1араб г1анч1аб барти г1адин, басандулеб бук1ана хасалил ц1ророраб гьури.

Мех-мехалда гьури, гьещт1олаго бач1ун, росдал къват1ахъ кьурдула, гьоразул карт1азухъ квалквадула, г1адамазда т1аде бортула, гьезул рет1ел бахъизе лъугьуна.

50 раг1и

4 класс

Рохьоб хасел.

Х1ули г1адаб г1азуца рахчизарун руго гъут1бузул г1аркьалаби. Рохьил рац1ц1алъудаги гьелъ гьоболлъи бан буго. Гьанже г1аздаца дунял хъах1лъараб мехалъ хъах1ал г1анк1ал рохун руго. Жидер хъах1аб хасалил т1имугъ лъидаго бихьизе гьеч1илан рохула гьел.

Чанахъабиги руго т1оцебесеб г1аздада т1ад г1алхул х1айваназул лъалк1ал ралагьулел. Лъик1ав чанахъанасда лъала лъалк1ал рат1а гьаризе.

Гьале рохьил рац1ц1алъудасан цер бекерун ун буго. Гьелъул лъалк1аз чар гьабун буго г1азу. Цо гъот1одаса цогидалде унаго г1исинал лъалк1ал тун руго гвангваялъги…

68 раг1и.

И.Соколов-Микитовасдасан.

5 класс

Ракъи.

К1икъоялда лъабабилеб соналъул февраль моц1 бук1ана. Бакъ бух1ун, араб соналъул бач1ин къадараб бук1ана. Дунги гьит1инай яцги картошкаялъ хьихьун рук1ана. Щибаб богое щу-щу картошка т1амулаан белъине. Цинги белъарабго х1аризе гьабун кваналаан.

Т1аг1ана картошкаги, лъуг1ана г1ат1ги. Ракъуца хвезе ч1езе бегьич1о. Байбихьана рокъоб бугеб сахабщинаб къайи бичизе, г1ат1ахъ хисизе.

Ахиралда гъансиниса къват1ибе бахъана эбелалъул бук1араб къат1ипадул хъабало. Гьеб ц1унун бук1ана, бах1арай гьаюрай мехалъ,яцалъ рет1инеян. Дица гьеб бичизе босулеб мехалъ, маг1ил ц1ун рук1ана яцалъул берал. Диргоги рак1 г1одулеб бук1ана. Бук1анаги щиб? Хъабалоялъухъ щвараб г1ат1 г1уна саг1ан баккизег1ан. Г1урччинлъи баккаралдаса чи вакъуларо. 90 раг1и

6 класс.

Ихдалх1инч1.

Жибго гьеб гьит1инаб. Ракъул кесекалда релълъараб х1инч1 буго. Амма г1адамазе гьеб ц1акъ бокьула. Ихдалил чапар ккола гьеб Нужецаго халгьабе гьеб гьаваялде, бураво г1адин, свералаби гьарун, боржун унеб куц бихьизе. Нужго г1енекке гьелъул гьоркьоса къот1улареб кеч1 раг1изе.

Бач1инеги гьеб нилъехъе Африкалдаса бач1уна. Гьеб нилъер бак1азде марталъул авалалдаго щола.

Г1одобго, ч1ах1илъ гьит1инаб гвендги батун, гьабула ихдалх1анч1ица бусен. Гьениб лъола гьелъ г1урччинт1огьилаб, т1анк1ахараб 5-6 хоно. Лъаг1алие лъабц1улги рахъула т1анч1и.

Тушбаби г1емераб х1инч1 ккола ихдалх1инч1. Хасго гъудуца толаро гьелъул хоно-т1инч1.

Маг1арул цо-цо росабалъ ихдалх1инч1алда ц1ар буго «Ихдало». Ихдало к1к1ара-т1ут1 т1аг1ине кумек гьабиялъеги пайдаяб х1инч1лъун рик1к1уна. 96 раг1и

7 класс

Ихдалил г1аламатал.

Нилъеца их макьидаса ч1аголъи борч1улеб заманлъун рик1к1уна. Гьелъие г1оло нилъее ихдалил гьит1инабги г1аламат хирияб бук1уна. Их бач1ин ч1езарулел г1аламатал т1абиг1аталда жанир г1емерал руго.

Рит1уч1ил лъулъурдул роргула, гьеб ккола т1оцебесеб ихдалил г1аламат. Цогиги ихдалил г1аламат- 22 марталъ сордо-къо бащалъула. Гьебги ихдалил цоги г1аламат. Гьелдаса хадуб, г1емер кват1ич1ого, х1анч1и роржун рач1ине байбихьула.

Цогиги анкь арабго, риц1ида т1ад саву ккараб г1адин лъугьуна, амма гьеб саву гуро. Гьел руго ихдалил т1оцересел т1угьдул.

Цо балагьун бихье г1аздакь - гьебги биччараб ц1ан г1адин буго. Гьанже г1емер кват1ич1ого, г1азу биун, иххал рахъине руго.

Апрелалъул т1оцебесеб анкьида жаниб рохьихъабазда цидул лъалк1 бихьизе лъугьуна.

Гьанже г1аздада гъоркьан мих1и баккизе байбихьула. Цоязда хадур цоял гьарун къокъа- къокъаккун, х1анч1и роржун рач1ине байбихьула. Гьут1бузда т1егь базе лъугьуна, г1одорлъабазда киса-кибего г1урччинхер баккула.

10 класс

Киб букIараб ва кисан босарабали лъачIого, МухIамадида цебе столалде тIаде дурусго ункъчIван сукIараб кагъатги рехун, пири гIадин, цееса паркъун ана Алипат. МухIканго жемараб гьеб кагътилъ букIана солдатасул ретIелги ретIарав, къалмица хъварал гIадал, чIегIерал тIеренал михъазул ворхатав гьайбатав гIолохъанчиясул сурат. МухIамадида, беркIутIарабго, лъана колхозалъул комсомолалъул комитеталъул секретарь Шамилил сурат. Гьесул рекIелъе кIудияб бигьалъи лъугьун бачIана. Дагьалищ гIолохъанал гIадамал мекъи кколел! Цо лъугьинеги лъугьинчIев, лъугьине ракIалдаги гьечIев, эбелалъе васги гурев, росдае чиги гурев гIоркьилав яцалъе вокьараван, щиб гьес гьабизе букIараб! Дурц вацас тIаса вищулеб гIадат букIарабани, гьес Шамил тIаса вищилаан…

МухIамад рагъида эбелгун сундулалиго бицуней йигей жиндирго яцалде аскIове вилълъана.

-Ма, дурго сурат,- анги абун, яцалъухъе кьуна гьес Шамилил сурат.- ХIалчIахъад, мун мекъи ккун гьечIо, Алипат. Дун вохарав вуго.

ЛъикIай, сабурай Алипат багIарлъана, хинлъана, цIорона, амма жиндирго вацасда цо рагIиниги абизе кIвечIо. Гьелъул, цIваби гIадин, кенчIолел ругел беразги, шагьримоцI гIадин, гвангъун бугеб гьумеральги абулеб букIана: «Дидаса талихI бугей гIадан цоги йигодай! Дир гIадав вац лъилго вугодай!»-ян.

МухIамад Шамхаловасулалдаса.

11 класс

Ц1а балагьулев.

Кьаси бецIаб сардилъ цо гIолохъанав васасда бихьана рикIкIада рекIараб цIадул кунчIи. Бихьулеб букIаралдаса цIикIкIараб батана нух, гьелухъе щвезегIан вилълъине ккараб мехалъ. ГIемераб къоги бихьун, свакаца холаго, вилълъана гьев гьеб цIадухъе. БитIун гьелда аскIовеги щун, цIадухъ гIодов чIолаго, дагьабги добегIан бихьана дагьабги кIудияб цIа. Гьев ана гьелъухъе. БукIана сордо ва квач. Васасда, цIа тун, батIияб жо бихьулеб букIинчIо. ЦIадухъеги щун, свак бахъулаго, бихьана дагьабги кIудияб цIа. Вас гьанжеги гьеб цIадухъе ана. Кинаб цIадухъе щваниги, гьесда дагьабги кIудияб цIа батулеб букIана. Гьелъухъе инчIого, гьев чIолевги вукIинчIо. Херлъигун, гьев ахирисеб цIадухъ гIодов чIун хутIана.

Гьебго цIадухъе векерун вачIана цогидав чиги- гIолохъанав вас. Гьес херасда гьикъана:

-КIудияв, дагьабги борхатабги гвангъарабги буго гурищ доба цIа, мун гьанив щиб гьабулев?

-Мун кIудияб цIа балагьулевищ вугев?

-У.

-ГIадада гьабулеб хIалтIи буго дур гьеб. Гьелда хадув лъугьун жо кколаро. Бищун лъикIаб жо буго тIоцебе батаралда тIаде цIулги бан, гьеб кIодо гьаби…

ГIолихъанас гьесухъ гIинтIамичIо. ЦIияб ва кIудияб цIадухъе векерун ана…

Гъазимух1амад Гъалбац1ов